ÆРМÆСТДÆР ЙЕСО ЧЫРЫСТИ ИРВÆЗЫН КÆНЫ

Æмæ йын райгуырдзæн лæппу, æмæ йыл схондзынæ Йесо, уымæн æмæ Уый фервæзын кæндзæн Йæ адæмы сæ тæригъæдтæй. Матфейы 1:21

Уымæн æмæ Хуыцау дуне афтæ бауарзта, æмæ радта Йæ иунæггуырд Фырты, цæмæй Йыл чидæриддæр æууæнда, уый ма фесæфа, фæлæ йын уа æнусон цард. Иоанны 3:16

Йесо йын загъта: Æз дæн фæндаг, рæстдзинад æмæ цард. Фыдмæ Мæнæй дарддæр ничи æрцæудзæн. Иоанны 14:6

Æндæр никæмæй ис ирвæзындзинад, уымæн æмæ арвы бын æндæр ном нæй, кæцыйы фæрцы фервæзæм». Хъуыддæгтæ 4:12

Уымæн æмæ уын фыццаджыдæр радзырдтон, æз дæр цы райстон, уый: Чырысти амард нæ тæригъæдты сæраппонд, Сыгъдæг Фыстытæм гæсгæ; æмæ ныгæд æрцыд, æмæ æртыккаг бон райгас, Фыстытæм гæсгæ: 1 Коринфæгтæм 15:3-4

Йæ Туджы фæрцы нæ ссæрибар кодтам, нæ тæригъæдтæ хатыргонд æрцыдысты Йæ хъæздыг хорзæхмæ гæсгæ. Ефесæгтæм 1:7

Тæригъæдджынты куывд
Уырнындзинадимæ кув:
Хицау Йесо, стыр бузныг, кæй мæ уарзыс, уый тыххæй. Æз тæригъæдджын кæй дæн, ууыл сæттын æмæ дæ хатыр курын. Бузныг, дæ мæлæт дзуарыл, ныгæд æмæ райгасы тыххæй, цæмæй бафидай мæ тæригъæдтæ. Æз дыл æууæндын, куыд мæ Хицау æмæ Ирвæзынгæнæг. Æз райсын дæ лæвар æнусон цард æмæ дын дæттын мæ цард. Баххуыс мын кæн, цæмæй дæ фæдзæхстытæ се 'ппæт дæр æххæст кæнон æмæ дæ цæсты æхсызгон уон. Аммен.

Кæд Йесо Чырыстийыл æууæндыдтæ, уæд дыл æрцыд ахæм хабар:
• Ныр дын ис æнусон цард Хуыцауимæ.
Æмæ Мæ Рарвитæджы фæндон уый мидæг ис, æмæ Йæ Фырты чи фена æмæ Йыл чи бауууæнда, уыдонæй алчидæр хайджын уа мыггагмæйы цардæй. Иоанны 6:40
• Дæ тæригъæдтæ иууылдæр бафыст æмæ хатыргонд æрцыдысты.
(ивгъуыд, абон, фидæн)
Йесо та иу нывонд æрхаста тæригъæдты тыххæй æнустæм æмæ æрбадт Хуыцауы рахиз фарс; Дзуттæгтæм 10:12
• Хуыцауы цæсты дæ ног сфæлдыст. Уый у дæ ног царды райдиан.
Уæдæ Чырыстиимæ чи ис, уый у ног адæймаг. мæнæ æппæт дæр сси ног. 2 Коринфæгтæм 5:17
• Ды сдæ Хуыцауы хъæбул.
Фæлæ Йæ чи суазæг кодта, уыдонæн радта бар, цæмæй суой Хуыцауы фырттæ. Иоанны 1:12

Хорз хъуыддæгтæ нын ирвæзындзинады фæндаг не сты, фæлæ нæ ирвæзындзинады бæлвырдгæнæн кæнæ дыргъ. Уымæн æмæ мах стæм Йæ конд, сфæлдыста нæ Йесо Чырыстиимæ иумæ, цæмæй аразæм хорз хъуыддæгтæ. Ефесæгтæм 2:10
Хуыцау дын æххуысгæнæг уæд!

Ис цыппар æцæгдзинады, кæцытæ хъуамæ æххæстæй бамбарæм:
1. Хуыцау дæ тынг уарзы.
Уый фæнды, цæмæй дын йемæ уа æнусон цард уæларвы.
Уымæн æмæ Хуыцау дуне афтæ бауарзта, æмæ радта Йæ иунæггуырд Фырты, цæмæй Йыл чидæриддæр æууæнда, уый ма фесæфа, фæлæ йын уа æнусон цард. Иоанны 3:16
Уый фæнды, цæмæй йемæ уа хъæздыг æмæ мидисджын цард. Давæг æрцæуы давынмæ, марынмæ æмæ фесафынмæ. Æз æрцыдтæн, цæмæй уыдонæн уа цард æмæ сын уа фылдæр цард. Иоанны 10:10

Уымæ æнæкæсгæйæ, бирæтæ нæ æнкъарынц мидисджын цард æмæ нæ зонынц, æнусон цард сын ис æви нæ, уымæн æмæ...
2. Адæймаг йæ удыхъæдæй тæригъæдджын у. Уымæ гæсгæ хицæн у Хуыцауæй.
Се ппæт дæр сарæзтой тæригъæд.
Уымæн æмæ иууылдæр тæригъæд кодтой æмæ Хуыцауы кадæй цух сты; Ромæгтæм 3:23
Уымæн æмæ æхца уарзын у æппæт фыдбылызты бындур...
1 Тимофеймæ 6:10
Тæригъæды мызд у мæлæт.
Уымæн æмæ тæригъæды мызд у мæлæт... Ромæгтæм 6:23

Библийы фыст ис дыууæ хуызы мæлæты тыххæй:
• Физикон мæлæт
Адæмæн нысангонд у иу хатт амæлын, уый фæстæ та тæрхон. Дзуттæгтæм 9:27
• Удварны мæлæт кæнæ зындоны Хуыцауæй æнустæм хицæн кæнын
Фæлæ тæрсгæ, æнæуууæнк, æлгъаг адæм, лæгмартæ, хæтæнтæ, кæлæнгæнджытæ, мæнгхуыцæуттæн кувджытæ æмæ æппæт мæнгæвдисæнтæн сæ хай бахаудзæн, арт æмæ æртæхæй чи судзы, уыцы цадмæ. Раргомад 21:8

Кæд адæймаг йæ тæригъæды тыххæй Хуыцауæй хицæн у, уæд ацы проблемæйы лыггæнинаг цы у? Арæх афтæ хъуыды кæнæм, æмæ лыггæнинæгтæ сты: дин, хорз хъуыддæгтæ æмæ хорз æгъдау. Фæлæ Хуыцауæй ис æрмæстдæр иу мадзал.
3. Йесо Чырысти у иунæг фæндаг уæларвмæ.
Уый у Хуыцауы хъусынгæнинаг.
Йесо йын загъта: Æз дæн фæндаг, рæстдзинад æмæ цард. Мæнæй дарддæр ничи æрцæудзæн Фыд Хуыцаумæ.
Иоанны 14:6

Уый бафыста æххæст æфхæрд нæ тæригъæдты тыххæй.
Уымæн æмæ Чырысти дæр иу хатт амард тæригъæдты тыххæй, рæстгæнæг фыдгæнджыты тыххæй, цæмæй нæ Хуыцаумæ æркæна. 1 Петры 3:18
Йæ Туджы фæрцы нæ ссæрибар кодтам, нæ тæригъæдтæ хатыргонд æрцыдысты Йæ хъæздыг хорзæхмæ гæсгæ.
Ефесæгтæм 1:7
Уымæн ис æнусон царды зæрдæвæрд.
Фыртыл чи æууæнды, уымæн ис мыггагмæйы цард. Æмæ Фыртмæ чи нæ æууæнда, уый цард нæ фендзæн; фæлæ йыл Хуыцауы маст æнхъæлмæ кæсы. Иоанны 3:36
Уымæн æмæ тæригъæды мызд у мæлæт; Хуыцауы лæвар та у æнусон цард нæ Хицау Йесо Чырыстийы фæрцы.
Ромæгтæм 6:23

4. Цæмæй фервæзæм, уый тыххæй хъуамæ æууæндæм Йесо Чырыстийыл.
Нæ ирвæзындзинад у Хуыцауы хорзæхæй Йесо Чырыстийыл уырнындзинады фæрцы.
Уымæн æмæ уæ уырнындзинады фæрцы фервæзт стут Хуыцауы хорзæхæй; æмæ уый уæхæдæг нæу, уый у Хуыцауы лæвар, хъуыддæгтæй нæу, цæмæй мачи раппæла.
Ефесæгтæм 2:8–9
Уымæн æмæ Хицауы номмæ чи кува, уый фервæздзæн.
Ромæгтæм 10:13